Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 41 (78037)
10 Октябрь
Хамиз
2024 сон
sadovoduns@
yandex.ry
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «САДОВОД»

Проектал

## Росуцоязда дандеги бан



Гьал къоязда Майданское росулъ букIана «БакIазул хIарактачилъи» проектазул конкурсазда гIахьаллъиялъул суал гьоркьоб лъураб данделъи. Гьениб «Сельсовет Майданский» МОялъул адинистрациялъул бетIер А.НармухIмадовас чанго вариант бихьизабуна проектазе заявкаби кьеялъе. Гьел щибал проектазул руго жиде-жидер лъикIалги квешалги рахъал. Гьединлъидал тIаса рищана социалияб рахъалъ бищунго кIвар бугел.

Гьенибго росдал бетIер А. НурмухIамадовас тIадчIей гьабуна росуцоязда данд бан хIалтIи гьабиялъул цIикIкIараб кIвар бугин ва гьезул щибал рихьизарриял хIисабалде росизе ругин. БетIерас бихьизабуна хадубккунги росуцоязул пикрабиги хIисаблде росун, гIуцIизе бугин хIалтIи,- абун.

ГIолеб гIелалъе-тарбия

## Жавабчилъи бугеллъун куцазин

Районалъул бетIерасул заместитель Хъ-М ГIабдухаликъовасул кабинеталъуб букIана саназда рахинчIел лъималазул ва гьезул ихтияр цIуниялде босараб суал гьоркьоб лъараб данделъи. Гьеб бачана «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул зам. КДНалъул ва ЭПалъул председатель Ж.Шамсудиновас.



Гьенибго районалда хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул рахъалъ заместительМ. ХIамзатовас бицана НВФялъул членазул гIахьалчагIазул саназде рахинчIел лъимал ругел хъизаназул бугеб хIалалъул. ГIолилазул, спорталъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев Р. Тажбудиновас тIадчIей гьабула цIалдохъабазда гьоркьоб гьабулеб х1алт1уде гъорлъе жамаг1аталдаса гIадамал цIаялъул, гьездасан мисал босиялъул тадбирал гIемер гьариялъул суалалда.

Данделъиялда РФялъул ОМВДялъул вакил М. Сайпудиновас доклад гьабуна гIолеб гIелалда гьоркьоб гьабулеб хIалтIи кутаклъизабиялъе хIажатал рахъалги хIисабалде росун. Гьениб кIвар буссинабула лъималазда хадуб даимаб бербалагьи букIинабиялде ва гьел обществалъе пайдаяллъун лъугьинариялъе х1ажатал къагIидаби ургъиялъе. ХIисабалде босана лъималазулъ жавабчилъиялъулаб асар куцаялъул мурадалда гьезул эбел-инсулгун щулияб бухьен букIинаби, къокъго абуни гIолеб гIелалъулъ цебе бугеб гIумроялдехун жавабчилъиялъулаб асар куцаялда т1адч1ей гьабуна.

Данделъиялда гIахьаллъана санازда рахичIел лъималазулгун хIалтIи гьабиялъул комиссиялъул председателасул зам У. Бартыханова, жавабияй специалист П. МухIамадова,опекаялъул рахъалъ специалист Х. Жамалудинова, ЦЗНалъул специалист М. ГIабдулаевги.

Гьайбатал васал ракIалде щвеялъе

## Футбол: гIумроялда бухьараб асаргун




**Гьал гIагарал къоязда Унсоколо росдада гъоркь бугеб футболалъул полеялда букIана районалъул цIар рагIарал нухмалъулел ГIумар ХIамзатов, Казимбег АхIмадов ва ВухIама ТIагьиров ракIалде щвеялъе тIобитIулеб футболалъул турнир.**

ХIалуцарал къецазда Генуб росдал командаялъ ракIчIараб бергьенлъи босана Майданское росдал командаялда тIад. Гьел бергьана 2-0 хIисабгун. Гьедин Генуб росдал командаялъ ракI чIараб куцалда бихьизабуна хIадурлъиялъул борхалъи, профессионалияб махщел букIин.КIиабилеб бакI ккуна Майданское росдал командаялъ, лъабабилеб бакI щвана Балахьуни росдал командаялъе. Кинабниги районалдаса турниралда гIахьаллъана I2 команда.

Абизе ккола гьаб нухалда турнир анин тIадегIанаб даражаялда ва балагьизе рачIаразе кьуна гIемерал ракI гъеялъулал, гвангъарал лахIзатал,- абун. Спортсменаз бихьизабуна гIицIго спортивияб махщел гуребги ракIалдаса унарел г1аданлъиялъулал лахIзаталги, къецал рук1ана хIалуцарал. Тадбиралда ракIалда хутIулеллъун гьаруна районалъе гIоло кинабго гьабурал гIадамал. К1алъазе рахъана районалъул бет1ер Г1. Нурмух1амадов, исламиял г1елмабазул кандидат Гъ-М.Гъазимух1амадов ва г1емерал цогидалги.Гьедин ракIалде щвеялъул турнир хадубккун лъугьине буго районалъул гIумро цебетIеялъе кинабго гьабурал гIадамал гIолеб гIелалъул ракIазулъ хутIиялъе, хадубккунги гьединазул мисалалда гьел куцалъе асар гьабулеблъун. Гьединал мисалаз гIолеб гIел куцаялъулъ кквезе буго цIакъго кIвар бугеб бак1ги.

РакI-ракIалъ баркала загьир гьабула балагьал лъугьа-бахъиназдалъун нилъедаса ратIалъарал васазул гIагарлъиялъе, цогидалги г1арцудалъун кумек гьабуразе. Гьел г1емер рук1ана ва гьезул кумекалдалъун тадбир ана г1ун бач1унеб г1елалъе г1аданлъиялъулаб тарбия кьеялъул гьайбатаб асаралда гъоркь.



Ахихъан
Районалъул газета
№ 41 (78037)
Хамиз
10 Октябрь
2024 сон



# Исламияб гьумер

Итни талат бачIун
Хамиз рузман шун,
Боржун унеб буго,
Нилъер гьаб гIумру.

БачIана цоги къо
Анкьил байбихьи,
Унеб батайги гьеб
Аллагь разилъун.

Чорокал гIамалал
Гьоркьоса тIагIун,
ХIалхьи кье я Аллагь
ЗагIипал нижей!



# Кинав вукIарав Авараг? ( с.т.гI.в.)



### ТIадегIанаб тIабигIат

ТIадегIанал Аллагьас Жиндирго Авараг (с.гI.т.в.) ГIемерал ТIокIлъабаздалъун хасгьавуна рикIкIун хIалкIоларел. Аллагьас Авараг тIабигIатаздалъун гIемер веццана цогидал тIокIлъабазде дандеккун. ТIадегIанав Аллагьас Къуръаналда абун буго (магIна):
«ХIакълъунго мун, Авараг, тIадегIанав тIабигIаталъул вуго»,-ян **(Сура «ал-Къалам»,аят 4).**

### ХIеренлъи

Авараг (с.гI.т.в.) гIадамазе бигьаяв, хIеренавлъун вукIана, кутакалда лъикI гьездехун гурхIел-рахIмуги гьабулаан. Къуръаналда Аллагьас абуна (магIна): «Нужедаго гьорлъа Авараг (с.гI.т.в.) вачIун вуго нужехъе, нужее квварилъи ккей жиндие захIмалъулев, нуж ккквезеги цIакъ бокьулев, муъминзабазда гурхIел-рахIмуги бугев». **(Сура «ат-Тавбат «,аят I28)** Ай нужехъе вачIана Авараг (с.т.гI.в.),



инсанлъиялъулъ жив нужеда релъарав. Гьев цогидаздаса хас гьавун вукIиналъе гIоло, нужеда гурхIел гьабиялъул ретIел ретIана гьесда ва гьевги нужеда тIад тана гурхIел-рахIму бугев вукIиналъул хIужабаздалъун. ТIадегIанав Аллагьас гьесие кьуна жиндирго берцинал цIарал-Рауфун ва РахIимун, гьелъул магIна ккола «ГурхIулев».-абун. Жиндир лъикIлъиялъул Аварагас (с.т.гI.в.) киданиги бусурбабазда ва капуразда гьоркьоб батIалъи гьабичIо.

### Агьлуялда гурхIел

Аварагас (с.т.гI.в.) гурхIел агьлуялъего гьабулаан. Анасица абуна: «Жинда вихьичIо щивниги Авараг гIадин хъизаналлъе лъикI вукIуневлъун»,-абун. Гьединго Аварагас гьезие рукъалъул хIалтIабазулъ кумекги гьабулаан.

### Сахаватлъи

Сахаватлъи Аварагасул (с.т.гI.в.) тIабигIатаздасан цояб букIана. Аварагасул сахаватлъи букIинчIо гIадамал тIадецIаялъе, чIужуялъе, бечелъи тIаса инилан хIинкъун. ГIицIго Аллагьасе гIололъун, ислам тIибитIизелъун



ва ятимазе кумекалъе букIана.

### КъотIи тIубазаби

Аварагас (с.тI.гI.в.) кидаго къотIи тIубазабулаан ва жиндихъе цIунизе кьурабги цIунун, зарал ккезе течIого нахъе т1ад буссинабулаан. Гьединав гьев вукIиналъ гьесие цIар щвана «Аминун»,-абураб.

### ТIаса лъугьин

Авараг (с.т.гI.в.) вукIана, г1адамазда тIаса лъугьине вокьулев. Росу тIарада ругел унтарал чагIазухъеги зиярат гьабизе унаан гьев.

### Бищун хирияв

Киналниги Аварагзабазда гьоркьов бищун хирияв МухIаммад Авараг (с.т.гI.в.) ккола. КьучIаб рагIиялда бан I24000 азарго Авараг вуго ва гьезда гьоркьоб 3I4 мурсалунал руго. Аллагьас Къуръаналда рехсана 25 Авараг. Нилъер Аварагасда хадув хирияв ккола Ибрагьим Авараг, хадув Муса, хадув ГIиса, хадув НухI, хадув Адам.

**ХIАБИБ МУХIАММАДОВ**

# Исламалъ щула гьабула хъизан



**Хъизаналда гьоркьоб рекъел- гьеб ккола Аллагьасе рокьулел тIабигIатазул цояб.**

Исламалда жаниб хъизаналъул буго жиндирго хаслъи. Цо рахъалъ босани, бихьинчи (рос) вукIине ккола хъизаналъул бетIерлъуда. Бихьинчиясда тIадаб буго хъизан хьихьизе. Аварагас (с. т. гI. в.) жиндирго умматалдехун вуссун абуна: «Дуца кваназабизе ккола хъизан, мунго кваналев вугони, ретIел ретIине ккола гьезда, дуцаго ретIунеб бугони» (Абу Давуд),… гьединго нужер руччабазул бицани, гьезул ихтияр буго нужедаса тIалаб гьабизе нужеца гьел лъикI ретIакъазе ва кваназаризе (Ат-Тирмизи).

Цогиги рахъалъ борцаниги, шаригIаталъ росасда тIад лъолеб буго кIудияб жавабчилъи. Аллагьас абулеб буго: «ГIумро гьабейила нужерго руччабазда цадахъ ракълида, кигIан нужеда гьел берцин рихьулел ратичIониги, гьезулъ Аллагьас гIемераб лъикIлъи лъун бугелъул». **(сура «Руччаби» аят I9).**

Аварагас (с. т. гI. в.) малъулеб буго бусурбабазда сабру бугеллъун рукIине, цоцазда (чIужуялда хIал рекъезабун) тIаса-гьоркье лъугьараллъун рукIине, гьезие бокьараб гьабизе, гьезул гогьлъицин хIехьезе. «ЧIужугIадан релъарай йиго хьабалухъ гIучIалда, гьеб битIизабизе лъугьани, бекула. Гьелдаса мунпагIалъи, лъикIлъи щвезе бокьани, гьелъул гьетIиялде сан гьабичIого, гьейгун рекъон вукIа. **(Аль-Бухари Муслим).**



Исламалъ жиндирго чIужугун лъикI вукIине гуребги, Аллагьасда божилъиялъул къуваталъул цояблъунги гьабулеб буго гьесул чIужуялда гьоркьор гьарулел лъикIал гIамалал. Аварагас (с. т. гI. в.) абуна: «Бищунго щулияб Аллагьасдехун божилъи букIуна бищунго лъикIаб гIамал-хасият бугезул, гьездасанги бищунго лъикIаб ккола, бищунго лъикI жидерго руччабигун рукIин. **(Аль-Тирмизи).**

Ахихъан
Районалъул газета
№ 41 (78037)
Хамиз
10 Октябрь
2024 г



Садовод



# Семья — хранитель поколений

( Из международного межрелигиозного молодежного форума)

Сохранение семейных ценностей обсудили на полях XI Международного межрелигиозного молодежного форума 2024 год объявлен Годом семьи. Потому неслучайно на полях XI Международного межрелигиозного молодежного форума были подняты самые актуальные вопросы по семейным отношениям в рамках круглого стола «Семья — хранитель поколений, народных традиций и духовности».

О том, что именно семья является институтом предупреждения экстремизма, говорил Сергей Оганесян, главный научный сотрудник ФКУ НИИ ФСИН России, государственный советник РФ 1 класса; член экспертного совета Комитета Государственной Думы по защите семьи, вопросам отцовства, материнства и детства, член рабочей группы НАК.

По его словам, именно в семье начинается воспитание будущего гражданина, где родители и близкие родственники закладывают и культивируют в ребёнке такие ценности, как уважение к старшим, национальная идентичность, взаимопомощь, патриотизм, гражданственность, сочувствие, милосердие и солидарную ответственность.

«Тогда, когда происходят сложные процессы в обществе, именно семья призвана сыграть роль «ниши», помогающей адаптироваться человеку в трудных и быстроменяющихся условиях современной жизни», — отметил Оганесян.

По словам спикера, родители должны мониторить образ жизни и круг общения ребенка. Развитие социальных сетей и увлеченность ими молодежи накладывает особый отпечаток, потому контроль, основанный на дружбе и взаимопонимании между членами семьи, должен быть мягким и благонравным.

Тему социальных сетей и средств массовой информации и их роль в сохранении традиционных семейных ценностей продолжил диакон Дмитрий Асратян, главный редактор сайта Патриархия.ру, представитель Синодального отдела по взаимодействию Церкви и общества.

Эксперт озвучил важную мысль, связанную с тем, что в настоящее время современное общество переживает еще и кризис социальной идентичности. Люди не прикрепляются крепко к определенным культурным образцам и традициям, а свободно меняют их, подобно маскам, в зависимости от конкретной коммуникативной ситуации.

В результате весь процесс в целом приобретает стихийный, непредсказуемый характер.

«Под влиянием СМИ и в особенности рекламы в обществе изменилось отношение к институту семьи в целом», — подчеркнул Асратян.

И вновь спикеры вернулись к теме знаний и просвещения.

Только грамотный, подкованный человек способен сегодня отстаивать свои честь и достоинство. Важно изучать свои «корни», поскольку при изучении как минимум видны ценности нескольких поколений.

Хаади Тарим, вице-президент Фонда «Интеллект и Духовность», к.пед.н., рассказала о кораническом взгляде на семью и актуальности ее сохранения.

Выступление Тарим было посвящено раскрытию понятия «семья» в Коране и сунне Пророка Мухаммада, мир ему и благословение.

Она привела аяты Корана, в которых семья рассматривается именно как союз мужчины и женщины. Пояснила важность заключения брака — официального закрепления союза мужчины и женщины с точки зрения Ислама.

В ходе работы круглого стола были затронуты и вопросы, связанные с отношением самой молодежи к семье, взглядом всех традиционных конфессий на данный вопрос.

# Ежемесячное пособие на ребенка призывника

**Ежемесячное пособие на ребенка призывника: кому положено и как получить?**

**С 1 февраля 2024 года в России действует новое пособие для семей, где отец служит по призыву. Выплачивается оно матери ребенка независимо от того, получает ли семья другие пособия на детей. Размер пособия составляет 16 698,63 в месяц на каждого ребенка.**

**Пособие положено:**

**- Матерям детей, отцы которых служат по призыву.**

**- Опекунам или другим родственникам, ухаживающим за ребенком, если мать лишена родительских прав, недееспособна, пропала без вести.**

**- Пособие также выплачивается на детей курсантов военных образовательных организаций, но только пока отец учится на первом курсе.**

**Для того, чтобы получить пособие, необходимо подать заявление в Социальном фонде России по РД или через Госуслуги.**

**Отметим, что пособие выплачивается со дня рождения ребенка до достижения им трех лет, но только пока отец служит по призыву.**

# Сергей Меликов посетил зону СВО



Во время встречи с военнослужащими 177-го гвардейского полка морской пехоты Каспийской флотилии и батальона «Каспий» добровольческого корпуса защитникам Родины передали мототехнику, тепловизионные прицелы, дроны и многое другое.

Отличившимся участникам СВО Сергей Меликов вручил награды.

«Хочу вас всех прежде всего поблагодарить за то, что вы мужественно, добрсовестно, честно выполняете свой воинский долг перед Родиной. Хочу пожелать вам военной удачи, успехов. И вы должны понимать, что все мы ждем вас дома с победой.

Мы вместе с вами, и дальше республика будет продолжать оказывать вам посильную помощь не только для выполнения боевых задач, но и для поддержания ваших семей, ваших родных и близких», – отметил Сергей Меликов.

Награды из рук руководителя региона получили не только военнослужащие, но и те, кто честно выполняет в зоне СВО свой профессиональный и человеческий долг. Это в том числе имам батальона «Каспий» Мухаммад Мукощдибиров и дагестанский журналист Гусейн Гусейнов.

По итогам поездки глава республики отметил значительные усилия руководителей муниципальных образований, которые находятся в постоянном контакте со своими земляками, оказывая им помощь и поддержку.

Высоко оценил Сергей Меликов и усилия Постпредства Дагестана при Президенте России, которое обеспечивает стабильную поставку гуманитарной помощи дагестанским военнослужащим, в которой участвуют меценаты и благотворительные фонды.

Отметим, что Дагестан среди лидеров по оказанию гуманитарной помощи военнослужащим, в республике уделяется большое внимание поддержке участников СВО и их близких.

## Форум старшеклассников «Антитеррористическая защищённость гимринцев»




Прошел 21.09.24. на базе гимринских школ Унцукульского района. Организатором его были Гамзатов Магомед Абдурахманович (заместитель главы администрации МО «Унцукульский район», секретарем АТК МО «Унцукульский район»), Магомедова Патимат Ахмедовна (ответственный секретарь комиссии по делам несовершеннолетних и защите их прав МО «Унцукульский район») и Гасанова Азизат Магомедовна (методист Шамилькалинской СОШ). На мероприятие приехала Анжелика Амировна Цахаева (заместитель председателя Общественного совета при МВД по РД, член Экспертного совета АТК при Главе РД, доктор психологических наук, профессор ДГПУ). Большую активность в организации работы проявил Омаров Алигиши Магомедович (директор МКОУ «Гимринская средняя общеобразовательная школа» Унцукульского района), психолог Абдулаева Марьям Магомедовна и социальный педагог Газимагомедова Патиматзагра Гусейновна. В ходе встречи с педагогическим коллективом была обсуждена важность индивидуальной работы с учащимися, а также намечены проблемные зоны, которые вскоре будут откорректированы совместно с профессиональным сообществом. Особое внимание стоит обратить на то, что в каждой школе Унцукульского района есть должности тьютера и психолога, что существенно помогает формировать личность школьников как патриотов. Обучающим модулем являлась демонстрация фото фактов, раскрывающих методики психологического влияния врагов нашей страны, работу ЦИПСО (Центр информационно-психологических операций) — подразделение украинских сил специальных операций.Особенность воспитательных мероприятий антитеррористического содержания и психолого-лингвистические особенности организации тренировок и учений по действиям при угрозе либо совершении террористических актов были показаны в тренинге.Анжелика Амировна поделилась с детьми основами психологии, рассказала о механизмах психологического манипулирования, к которым прибегают недоброжелатели, чтобы затуманить сознание молодежи. В ходе встречи участники пришли к единому выводу: «Агрессия и террор приводят к разрушению жизни человека. Лучше жить в мире. Нужно делать все от нас возможное, чтобы мирно жилось Дагестану». Изучение психологии действительно полезно для формирования уверенной и гармоничной личности!

Давайте вместе поддерживать инициативы, которые направлены на развитие правового сознания и культуры доброжелательного общения среди молодежи, а значит, на безопасность проживания в нашем районе!

# Социологический опрос в Унцукульском районе

Анжелика Цахаева провела социологический опрос жителей Унцукульского района на предмет доверия и степени авторитета работников полиции.

В работе приняли участие Гамзатов Магомед Абдурахманович (заместитель главы администрации МО «Унцукульский район», секретарем АТК МО «Унцукульский район»), Магомедова Патимат Ахмедовна (ответственный секретарь комиссии по делам несовершеннолетних и защите их прав МО «Унцукульский район») и Гасанова Азизат Магомедовна (методист Шамилькалинской СОШ).




Оказалось, все респонденты знают Врио начальника ОМВД России по Унцукульскому району подполковника внутренней службы Алиева Магомеда Зайирбеговича как непримиримого борца с беззаконием и проявлениями идеологии экстремизма.

С большим уважением относятся к нему как представителю легендарного тухума. Его отец, Алиев Зайирбег Газимагомедович (заместитель начальника Унцукульского РОВД, начальник милиции общественной безопасности), двоюродный брат (Магомедрашат Газимагомедов, офицер ФСБ) были предательски убиты террористами в 2005 году, на родного дядю (Магомед Газимагомедов, заместитель министра внутренних дел) совершалось вооруженное нападение. Слова жителя Унцукуля: «знал этих достойных офицеров как порядочных, мужественных горцев с твердей волей, трудолюбивых, верных идеалам служения обществу, патриотов». Жительница с. Балахани: «Вот этому тухуму нужно ставить памятники и сажать в их честь сады.

Они ценой своих жизней спасали нас от мракобесов».

Большую работу по правовому воспитанию ведет сам начальник ОУУП и ПДН майор полиции Абдурахманов М.А. и его коллектив.

Так же посетила Унцукульский отдел полиции. Проверила дежурную часть и реагирование на обращения граждан. Удивил отличным знанием Конституции РФ оперативный дежурный отдела капитан полиции Басиров Г.А.

Проверила санитарное состояние ИВС. Показали договор на предоставление продуктов питания и постельных принадлежностей задержанным, который заключен с ГБУ ЦРБ Унцукулського района.

Отдали дань памяти погибшим работникам полиции.

Разговаривала с жителями п. Гимры и Временный, они подтвердили, что содержание задержанных хорошее. Есть пресса и художественная литература, отношение сотрудников к задержанным уважительное.

Можно заключить, что в подавляющем большинстве жители Унцукульского района понимаю профессиональные задачи полицейских, чтут память погибших правоохранителей, хотят мира и процветания своему краю.

Но главное, готовы сопротивляться всему разрушительному и негативному, что приводит к дестабилизации общества.

У них есть горький пример разрушенных судеб и жизней, тех кто пошел против государства.

## Лъазаби

Шамильхъалаялъул гьоркьохъеб школалъ, 2008 соналъул 26 июналда — ХIажиева ГIайиат ХIажиевналъул цIаралда кьураб № 05 АА 0024164 бугеб аттестат тIагIун буго. Жакъа къоялдаса гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.

Газета основана 1937 г.
УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация Унцукульского района
Главный редактор
КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.
Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@
yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21
Подписано в печать - 10. 10. 24 г.
14. 50
фактически -16. 00 мин.
………………………………
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1002 экз.